



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 23 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ARNPRIOR AP AGRANDI OPERASYON LI YO NAN EASTMAN BUSINESS PARK

Konpayi an te Panse Ale nan Tennessee ak Connecticut men li te Chwazi Rete nan New York epi konsa Konsève 150 Dyòb epi Krewe 30 Dyòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Arnprior Rapid Manufacturing Solutions Inc., yon manifakti pwodi metal travaye, siyen yon nouvo kontra sèt lane pou rete nan Eastman Business Park (EBP) nan Rochester olye li deplase operasyon li yo nan Tennessee ak Connecticut. Konpayi a ki pral investi \$3.68 milyon nan nouvo teknoloji ak ekipman, pral konsève 150 dyòb epi ajoute 30 nouvo dyòb. Plan Estratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Finger Lakes la [Finger Lakes Regional Economic Development Council (FLREDC)] te idantifye antretyen ak agrandisman Eastman Business Park nan Rochester kòm priyorite prensipal li.

Pou Eta New York yon dyòb reprezante plizyè dyòb – espesyalman nan sa ki gen pou wè ak ogmante opòtinite ekonomik rejyon nò a," te deklare Gouvènè Cuomo. Se grasa konpayi tankou Arnprior, jounen jodi a New York klase dezyèm nan peyi a pou kantite travay ki krewe depi resesyon an epitou pou kisa gran rejyon Rochester a se lidè nan domèn manifakti modèn."

"Arnprior kwè Gran Rejyon Rochester gen tout eleman ki nesèsè pou manifakti ka fleri nan peyizaj jeneral aktyèl la: yon kilti lespri antreprenè; yon fòs travay kalifye; inivèsite, kolèj kominotè ak lekòl pwofesyonèl nivo entènasyonal; politik ak inisyativ gouvènman onivo eta ak lokal ki oryante nan teknoloji ak inovasyon; epi tout sèvis soutyen oksilyè yo ki nesèsè pou yon biznis ka rantab nan operasyon toulejou li yo, te deklare Vis Prezidan ak Manadyè Jeneral Arnprior Rapid Manufacturing Solutions, Inc., Chris Howell. "Nou kwè Eastman Business Park se yon bon jan kote pou yo fè biznis."

"Depi fòmasyon li nan lane 2008, Arnprior refè tèt li nèt, resantre l apati yon antite Kodak ki byen anrasine pou l vin yon konpayi ki gen apeprè 300 kont aktif nan pwodi ayeryen, medikal, otomobil, telekomunikasyon, rechèch ak devlopman, ak kliyan," te deklare Direktè Eastman Business Park la, Michael Alt "Non sèlman nou fyè dèske Arnprior te kòmanse isit la, nou kontan tou dèske Arnprior ap rete isit la."

Arnprior te kalifye pou resevwa apeprè \$600.000 milyon dola nan kredi fiskal eta a bay nan Pwogram Excelsior Jobs ki baze sou pèfòmans pou li kapab fè investisman li pwopoze a ak pou kenbe angajman l pou kreye djòb.

Lè Arnprior te fòme nan lane 2008, Eastman Kodak te reprezante 96 pousan nan aktivite komèsyal li yo. Jodi a, tout, alesepsyon 18 pousan resèt li yo, ranplase ak nouvo biznis sou mache ayeryen, otomobil, sistèm defans ak medikal. Arnprior Rapid Manufacturing konbine kapasite fabrikasyon modèn pou pwodi eleman ak asanblaj metal ak plastik ki gen gwo egzijans. Depi nan pwototip rive nan pwodiksyon, plastik rive nan metal, piti ak gwo, Arnprior gen kapasite pou l kolabore sou bezwen pwodiksyon.

Redevlopman Eastman Business Park rete yon gwo priyorite pou Gouvènè Cuomo ak pou gran rejyon Rochester a,” te deklare Prezidan, Direktè Jeneral & Delege Empire State Development, Kenneth Adams. “Arnprior se yon vre reyisit epi mwen kontan nou te anmezi pou n ede nan kwasans fiti yo epi pou investisman plizyè milyon dola yo ki pral pote plis nouvo dyòb pou Rochester.”

Gen kokenn pwogrè ki reyalize pou elimine obstak ki genyen nan pwochen kwasans Eastman Business Park la, sa kap pèmèt li atire nouvo konpayi epi ede atenn objektif pou kreye 1.800 djòb sou sit la pandan 5 lane kap vini yo. Arnprior jwe yon wòl esansyèl nan plan sa. Nan lane 2013, Kodak ak eta a te dakò pou yon antant global ki adrese pwoblèm eritaj anviwonman sou sit la; yo te achte rezò sèvis piblik Park la; sa ki asire estabilite pou lokatè Park la; epi Kodak te soti nan fayit epi angaje l pou kenbe operasyon enpòtan sa yo ak travay nan sit la. FLREDC kwè Pak la rive nan yon kafou epi li pare pou l vini youn nan premye pak endistriyèl peyi a pou inovasyon teknolojik.

Lidè Majorite Asanble a, Joseph Morelle, te di konsa: “Antanke premye priyorite devlopman ekonomik rejyon an, nou travay san pran souf pou garanti yon bèl fiti pou Eastman Business Park. Anons jodi a kontinye chita sou dinamik nou travay di anpil pou kreye a, epi se yon lòt prèv angajman Gouvènè Cuomo pou pote rezilta vizib pou kominote nou yo. Mwen di mèsè pou investisman Arnprio nan Rochester epi m espere wè kwasans pèmanan yo nan Business Park.”

Senatè Joe Robach te di konsa, “Eastman Business Park sibi yon transfòmasyon remakab pandan kèk ane ki sot pase yo, grasa sitou angajman Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Finger Lakes ak Eta New York. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li mete ak nou pou reyalize jan Eastman Business Park enpòtan pou amelyorasyon ekonomi Rochester ak devlopman dyòb nan kominote nou an. Devlopman ak siksè Arnprior se yon egzanp pafè jan Eastman Business Park yon lòt fwa ankò vin yon sant inovasyon ak devlopman, pas sèlman nan rejyon Rochester, men nan tout peyi a.”

Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren, te di konsa, “Mwen akeyi bon nouvèl Arnprior Rapid Manufacturing Solutions an ak kè kontan; epi mwen remèsye yo pou angajman yo nan Rochester. Si yon moun ap chèche plis prèv Rochester sou pik li, yo pa bezwen ale pi lwen pase Eastman Business Park.”

Kèk Enfòmasyon sou Arnprior Rapid Manufacturing Solutions Inc.

Arnprior Rapid se pwopriyete AIAC (American Industrial Acquisition Corporation) ki posede 39 konpayi nan senk peyi, ak pi fò ladan yo nan Amerikdinò. Arnprior founi endistri a solisyon tou pare pandan tout faz sik fabrikasyon an depi nan konsèp jiska pwodiksyon anmas. Konpayi a gen syèj sosyal li nan Rochester. Tout operasyon manifakti a Sètifye AS9100/ISO 9001 Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://www.arnprior-rmsi.com/>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418